

Fredi lakay timoun: kèk prekosyon pou pran

Jwe deyò enpòtan pou timoun yo, menm lè li fè frèt!
Men, li enpòtan pou nou rete vijilan.

Kijan pou nou proteje timoun kont fredri ?

- Limite tan yo pase deyò lè tanperati a rive -15°C, menm si pa gen van
- Evite soti si tanperati nou santi a rive nan -27°C oswa pi ba
- Mete plizyè kouch rad sou timoun nan
- Byen kouvri tèt li, figil, menl ak pyel yo:
 - Mete yon bonèt pou sezon fredri nan tèt li menm si rad la gen kapichon
 - Li ap pibon si nou itilize mitèn¹ pou men timoun lan olye gan
 - Li ap pi bon si nou itilize pwoteksyon ki fèt pou kou (cache-cou) pase nou itilize foula paske foula ka sere kou a
- Evite mete rad koton dirèkteman sou po timoun lan, paske li kenbe imidite
- Chanje rad ki mouye oswa imid
- Pou wè si timoun nan alèz, asirew men li ak machwè li rete tyèd (pa tro frèt)
- Pran ti tan poz andedan kay pou chofe kò a

¹ Mitèn : se yon fòm gan ki kouvri kat dwèt yo ansanm epi li separe pous la, sa ki ede kenbe men yo pi cho.

Jèl (engelure)

Pati nan kò ki pi fasil pran fredri : zòrèy, machwè, nen, manton, dwèt ak zotèy

Siy pou siveyeyo

- ☐ Po a nòmal oswa yon ti kras wouj
 - ☐ Pikotman oswa doulè
 - ☐ Po a vin tou blanch
 - ☐ Ou pa santi anyen ditou
 - ☐ Po a vin ble oswa nwa
- (Gen risk pou pèdi yon dwèt, yon zotèy, oswa yon pati nan figi ki ekspozè ak fredri a)

IJANS

Kisa pou fè si gen jèl?

- Pa fwote po a
- Ale nan yon kote ki cho
- Retire sou ou rad ki mouye
- Chofe pati ki touche a ak men ou, anba bra ou (anba zesèl) oswa ak dlo tyèd (pa cho)

Rele 811 oswa wè yon

pwofesyonèl lasante

kò a vin twò frèt

kò a vin twò frèt

- Tranbleman ki pa sispann

- Po frèt ak pal

- Feblès, difikilte pou pale, konfizyon, oswa sispann tranble

- Pèdi konesans

Rele 911 epi ale nan yon kote ki cho pandan
w ap tann

- Kouvri pousèt la ak yon kouvèti pou bloke van frèt la.

- Si w ap itilize yon pòt-bebe, asirew pye ak men yo byen kouvri.

- Pa jwe kote ki gen dlo tankou rivyè, lak...
- Pa rete kote ki genyen machin ki ap netwaye nèj
- Pa bati fò oswa tinèl san sipèvizyon yon granmoun
- Pa mete bagay ki fèt an metal nan bouch oswa anba lang

Gen kèk danje ki pa soti nan fredy,
men nan fason yo chofe kò a

- Pa janm itilize andedan kay aparèy ki fèt pou deyò (tankou recho babekyou, brasero, aparèy gaz oswa mazout).

- Asirew tiyo echapman an pa bouche epi pa janm kite yon timoun poukont li nan yon machin k ap mache.

- Si gen pan kouran epi li fè frèt, rele 211 pou jwenn yon kote cho toupre ou.

Zouti pou paran ak òganizasyon pou timoun

Une production de la DRSP de Montréal | 4 février 2026